ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№34 (22.942) ● 2015 гъэм мазаем (февралым) и 26, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

ЕхьулІэныгъэхэр зэрагъэм икІи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ

цІэ лъапІэхэр яфІэщцын:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и дохутыр» цІэр

Аппаев Адик Хьэмид и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и «Онкологие центр» къэрал бюджет іэхэущІапІэм и хирургие къудамэ №2-м и дохутырым-онкологым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и энергетик» цІэр

Дохъушыкъуэ Аслъэн Исуф и къуэм - «Къэбэлъкъэнерго» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и унафэщІым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и юрист» цІэр

Балъкъэр Заур Хьэсэнбий и къуэм - Федеральнэ налог кулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыІэм и правовой къудамэ и унафэщІым

Москаленкэ Александр Виктор и къуэм - Налшык и дзэ гарнизон судым и тхьэмадэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм мазаем и 13-м
№23-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэр щыхъумэныр къыщыдзэгъэпэщыныкІэ зэпымыууэ лажьэ зэщІэзыгъэуІуэ зэІущІэм хэтхэр къэщтэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэр щыхъумэныр къыщыдзэгъэпэщыныкІэ зэпымыууэ лажьэ зэщІэзыгъэуІуэ зэІущІэм хэтхэу мы унафэм щыгъуэхэр къэщтэн.

2. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэр къыщыдзэгъэпэщыныкІэ зэпымыууэ щылажьэ зэщІэзыгъэуІуэ зэІущІэм хэтхэр къэщтэным и Іуэхукіэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм накъыгъэм и 22-м къыдигъэкІа Указ №120-УГ-м къару имыІэжу къэлыытэн.

3. Мы указым къару егъуэт Іэ щыщІэдза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм мазаем и 10-м
№17-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм мазаем и 10-м къыдигъэкІа Указ №17-УГ-мкІэ къащтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэр къыщыдзэгъэпэщыныкІэ зэпымыууэ щылажьэ зэщІэзыгъэуІуэ зэІущІэм

хэтхэр:

КІуэкІуэ Ю. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ *(зэщІэзыгъэуІуэ зэІущІэм и унафэщІ)*

Ещыграуэ Р. Щ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ, жылагъуэ шынагъэншагъэмкІэ и Советым и секретарь *(зэщІэзыгъэуІуэ зэІущІэм и унафэщІым и къудзэ)*

Битокъу В. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и унафэщІ

Васильев С. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмкіэ къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министрыр *(зэгурыІуауэ)*

Вербицкий А. И. - Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лЫкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм щыІэм и аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмкіэ и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Волошин В. В. - Урысей Федерацэм хъумэныгъэмкІэ и федеральнэ Іэнатіэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм связь, информацІэ щыхьэхуэмкІэ щІэІэ центрым и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Джатэ Р. Хь. - Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Евгъэжьыкъуэ Хь. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Уэчыл палатэм и президентыр *(зэгурыІуауэ)*

Жанджэрий Хь. Хь. - Урысей Федерацэм Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэмкІэ къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ и министерствэм транспортымкІэ и къудамэм транспортымкІэ къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ и Налшык Іэнатіэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Жариков О. О. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурорыр *(зэгурыІуауэ)*

Жэмыхъуэ Р. Б. - Налшык транспорт прокурорыр *(зэгурыІуауэ)*

Зборовский В. Н. - гарнизоным и 316-нэ дзэ прокуратурэм и дзэ прокурорыр *(зэгурыІуауэ)*

Зумакулов Б. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Цыхум и хуитыныгъэхэмкІэ щыІэ уполномоченнэр *(зэгурыІуауэ)*

Канунников А. Д. - «Урыс тхыдэмрэ щэнхабзэмкІэ «Вече» общество» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Къуэдзокъуэ М. М. - Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Мер Ю. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Суд нэхъыщхьэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Мэржэхъу М. Хь. - тезырхэр ирегъэхьэкІынымкІэ федеральнэ Іэнатіэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиІэ къудамэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Муртазов Б. С. - Шэрэдж муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Надежин М. В. - Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжыныгъэмкІэ, къыздэсымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ, тхьэмыщкІагъэ къэзышэ къэхъуакъащІэхэм я Іэужьхэр гъэкІуэдыкъыныкІэ и министерствэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиІэ Іуэхущапіэ нэхъыщхьэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Пугачев А. Н. - «Урысей федерацэм шынагъэуэншагъэмкІэ и федеральнэ Іэнатіэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиІэ къудамэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Танэ Э. Б. - Суд приставхэм я федеральнэ Іэнатіэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиІэ Іуэхущапіэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Лъеиншэ М. Хь. - ІэпхъэшапхъуэмкІэ федеральнэ Іэнатіэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиІэ управленэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Усов О. Л. - Урысей федерацэм шынагъэншагъэмкІэ и федеральнэ Іэнатіэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиІэ къудамэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Устэ В. Хь. - Урысей Федерацэм и Следственнэ комитетым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиІэ следственнэ Іуэхущапіэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Чеченов А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ цІыхухэм зэрызыкъыхуагъаззэхэм хэпльэныкІэ и приемнэм цІыхухэм къатхэхэм зэрыщелэжь хабзэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ цІыхухэм зэрызыкъыхуагъаззэхэм хэпльэныкІэ и приемнэм цІыхухэм къатхэхэм зэрыщелэжь хабзэр къэщтэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 9-м къыдигъэкІа Указ №150-УК-мкІэ къыщтам мы къыкІэльыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) пункт 5-р мы къыкІэльыкІуэм хуэдэу къэхъын:

«5. Зыхэплъэн хуейуэ къаІэрыхьэ тхыгъэхэмрэ документхэмрэ республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я приемнэм щатх икІи журналхэм щратхэ ахэр къащыІэрыхьам щегъэжьауэ махуищым къэрыбыдзу. Коррупцэм пыщІа Іуэхухэр къыщыгъэльэгъуауэ къыІэрыхьэ тхыгъэхэр щхьэхуэу учетым ягъэувн.»;

б) пункт 35-мкІэ дзащІыгъуэм мы къыкІэльыкІуэм хуэдэу иту:

«35. Коррупцэм пыщІа Іуэхухэр къыщыгъэльэгъуауэ къагъэхьа тхыгъэхэм зэрелэжьам къырикІуэхэр республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я приемнэм квартал къэс хуегъэжь Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ.ІМ.».

2. Мы Указым къару егъуэт официальнэу къыщыцтрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшк къалэ
2015 гъэм мазаем и 13-м
№19-УГ

● Побэ

Офицерхэм я пшыхь

республикэм и къалащхьэм дэт къэфапІэ залым побэ сыхьэт 15-м щІэзэхохьэ. Ар къыдэзрагъэпэщ Хэку зауэшхуэм къыщыгтхьа ТекІуэныгъэр илъэс 70 зэрырикъум зыхуэгъэхъэзырыным, Хэкум и хъумакІуэм и махуэр гъэпсынкІэн хиубыдэу. Абы кърагъэблагъащ зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэр, жылагъуэ лэжьакІуэхэр, щІалэгъуалэр.

Къэрал экзаменхэр зэратынум зыхуэгъэхъэзырынымкІэ хиубыдэу

побэ сыхьэти 10-м щегъэжьауэ нэгъуэщІ къэралыбзэхэмкІэ экзамен зэрахъутынур Налшык къалэм дэт лицей №92-мрэ лицей №94-мрэ щагъэунэхунущ. Абыхэм хэтыну еджакІуэхэм ящыщ 40-р Налшык къалэм и школхэр къэзыуухэрщ, адрей цІыху 40-р КъБР-м и район зэмылІэужьыгъуэхэм къикІынущ.

● Гу зытыгъэтхъэ

Литературэм и илъэсыр яублэ

Ткаченкэ Андрей и цІэр зезыхьэ Сурэтыщ Сурэтхэмрэ усэмрэ щыщІэзэхуэхуэна зэхьыхьэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІалэгъуалэм я дежкІэ хъуащ литературэм и илъэсым и щІэдзапІэ.

«НеоЛИТ» литературэ клубым и жэрдэмкІэ къыздэгъэпэща пшыхьыр музейм и унафэщІ Тау Ритэ и гуапэу диІыгъащ.

«Зэхьыхьэм къэжьапІэ хуэхъуауэ жыпІэ хъунущ музейм иджыпсту зи лэжьыгъэхэр щагъэлъагъуэ Аппаевэ Жаннэ и выставкэр. Ди клубым хэтхэм, нобэ утыку кьитха журналым зи лэжьыгъэхэр хагъэхьахэм ящыщ зыщ Жаннэ», - жиІащ клубыр къыздэсыгъэпэщахэм ящыщ Щомахуэ Дарье.

Пшыхьыр ирагъэжьащ Бэрбэч Хьэмзэтрэ Щомахуэ Дарьерэ я «Буква» литературэ журналыр ягъэпытауэ.

«Ди журналым щыздэхуэхьэсащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм и республикэ псоми щыщ щІалэгъуалэм я Іэдакъэ къыщІэкІахэр, Адыгэ, Абхъаз республикэхэм щыщхэри къыздэщІыбыдэу», - жиІащ Бэрбэч Хьэмзэт, къыздэхуэсахэм журналыр щагиГъэльэгъуам. Абы зэрыжиІамкІэ, журналыр урысыбзэ защІэкІэ мыхъуу, лъэпкъ псом и бзэкІи къыдагъэкІыну я мурадщ.

Къыздэхуэсахэм журналыр ирагъэльэгъуа нэужь, усэ пшыхьым щІидзащ. «Буква» журналым зи лэжьыгъэхэр ихуа, дяпэкІэ абы хагъэхьэну усакІуэ ныбжьыщІэхэм, гупыж зыщІа дэтхэнэми зыкъагъэзэгъащ: Аппаевэ Жаннэ, Рамонов Алан, Мокаев Владимир, Мазуренкэ Маринэ, Вакулинэ Викторие, Демидов Алексей, Подвэ Александр сымэ, нэгъуэщІхэми.

Пшыхьым зыкърагъэхьэлІащ Шинкаревэ Натальерэ Таз ФатІимэрэ зи унафэщІ литературэ зэгухьэныгъэхэм екІуэлІэ ныбжьыщІэхэм, Ингуш Республикэм къикІахэу Чаниевэ Тамарэрэ Калоев Іэдэмрэ. Езыхэм я усэхэм къищынэмыщІауэ, фІыуэ ялъагъу усакІуэхэм ейхэми къеджащ. Къэбгъэльэгъуэмэ, Жанатаевэ Мадинэ Кулиев Къайсын и усэхэм къеджащ, Битокъу Маринэрэ Романовская Аннэрэ Думбадзе Нодар, Хемингуэй Эрнест, Полошевская Наталье сымэ я тхыгъэхэм щыщ пычыгъуэхэм зэхуэсахэр ирагъэдзІыащ.

«VitamIn D» гупым зэрызыкъагъэлъэгъуари куэдым ягу дыхьащ.

ЖАНАТАЕВЭ Мадинэ.

Сурэтхэр **Романовская Аннэ** *трихащ.*

Нэхъыжьхэм защІэгъэкъуэным теухуа республикэпсо щэбэт щІыхьэху егъэкІуэкІыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2015 гъэм мазаем и 20-м Налшык къалэ
№23-П-П

1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм хэтахэмрэ абы ныкъуэдыкъуэ щыхьэхуэмрэ, апхуэдэу зауэм хэкІуэдахэм я щхьэгъусэхэм ятат дэІэпыкъуныгъэр егъэфІэкІуэн икІи абыхэм защІэгъэкъуэным хуэгъэза зи чэзу Іуэхуэхэр зэфІэгъэкІын мурадкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щІ:**

1. Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщэкіэ Зэщіэуэзэда Къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм, апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и профессиональнэ союзхэм я организацэхэм я зэгухьэныгъэм къыхалъхьа жэрдэмыр ядэІыгъын икІи нэхъыжьхэм защІэгъэкъуэным хуэгъэзауэ 2015 гъэм мазаем и 28-м республикэпсо щэбэт щІыхьэху егъэкІуэкІын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм, къалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ я щІыналъэ администрацэхэм, зи мылъкуу щытым темыщІыхьауэ, организацэ псоми чэнджэщ етын нэхъыжьхэм защІэгъэкъуэным хуэгъэза республикэпсо щэбэт щІыхьэхуэм хэтыну икІи зы махуэм хуэзэ лэжьапІэр абы и фондым халъхьэну.

3. Нэхъыжьхэм защІэгъэкъуэным хуэгъэза республикэпсо щэбэт щІыхьэхуэм хэтахэм я пособиІ Іуэхуэм езыхэм я арэзыныгъэкІэ хухах ахъшэр «Урысей Федерацэм и субъектхэм я бюджетхэм налогхэм щымыщ къинэмыщІ хэхъуэу къэІэрыхьэхэр» 961 1 17 05020 02 0000 180 кодымкІэ «Урысей Федерацэм и бюджет системэм хиубыдэ Іэнатіэхэр зэхуаГъэхъун папщІэ Федеральнэ казначействэм и органхэм трагуашэ хэхъуэхэр» 40101810100000010017 счетым.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмкіэ щІыхуэр Іэнатіэмкіэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансхэмкіэ и министерствэм яхуэгъэувын щэбэт щІыхьэхуэм и фондым къагъахьа ахъшэм и хьэкъкІэ:

1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм хэтахэмрэ абы ныкъуэдыкъуэ хэхъуахэмрэ, апхуэдэ зауэм хэкІуэдахэм я щхьэгъусэхэм дэтхэнэми хуэзэу том мин 20 2015 гъэм накъыгъэм и 9-м фІэмыкІыу иратыну;

къалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ я щІыналъэ администрацэхэм, апхуэдэу ветеранхэм я къалэ (район) советхэм зэрагурыІуам тету 1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм хэтахэм, абы ныкъуэдыкъуэ хэхъуахэхэм, хэкІуэда (дунейм ехыжа) зауэлІхэм я щхьэгъусэхэм ящыщу зи закъуэ хъунахэм я псэупІэхэр зэрагъэпэщыжьыкІэ 2015 гъэм кІуэрибыдзу ядэІэпыкъуну.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ Цыхуфэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым хуэгъэувын нэхъыжьхэм защІэгъэкъуэным хуэгъэзауэ республикэпсо щэбэт щІыхьэхур зэрырагъэкІуэкІыр республикэм и цыхуфэ Іуэхущапіэхэм ятрадзэныр къыздэригъэпэщыну.

6. Мы унафэр зэрагъэзащІэм кІэльыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ.ІМ и къудзэ - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр Шэт И. М.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ.І МУСУКОВ Алий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ зэрызыкъыхуагъаззэхэм хэпльэныкІэ и приемнэм цІыхухэм къатхэхэм зэрыщелэжь хабзэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 9-м къыдигъэкІа Указ №150-УК-мкІэ къыщтам мы къыкІэльыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ цІыхухэм зэрызыкъыхуагъаззэхэм хэпльэныкІэ и приемнэм цІыхухэм къатхэхэм зэрыщелэжь хабзэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ цІыхухэм зэрызыкъыхуагъаззэхэм хэпльэныкІэ и приемнэм цІыхухэм къатхэхэм зэрыщелэжь хабзэр къэщтэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 9-м къыдигъэкІа Указ №150-УК-мкІэ къыщтам мы къыкІэльыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) пункт 5-р мы къыкІэльыкІуэм хуэдэу къэхъын:

«5. Зыхэплъэн хуейуэ къаІэрыхьэ тхыгъэхэмрэ документхэмрэ республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я приемнэм щатх икІи журналхэм щратхэ ахэр къащыІэрыхьам щегъэжьауэ махуищым къэрыбыдзу. Коррупцэм пыщІа Іуэхухэр къыщыгъэльэгъуауэ къыІэрыхьэ тхыгъэхэр щхьэхуэу учетым ягъэувн.»;

б) пункт 35-мкІэ дзащІыгъуэм мы къыкІэльыкІуэм хуэдэу иту:

«35. Коррупцэм пыщІа Іуэхухэр къыщыгъэльэгъуауэ къагъэхьа тхыгъэхэм зэрелэжьам къырикІуэхэр республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я приемнэм квартал къэс хуегъэжь Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ.ІМ.».

2. Мы Указым къару егъуэт официальнэу къыщыцтрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшк къалэ
2015 гъэм мазаем и 13-м
№19-УГ

★ Ди къуэш республикэхэм

Махуэшхуэм зыхуагъэхьэзыр

АДЫГЕЙ. ***ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 70 зэрырикъум теуху Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр щекІуэкІынур Мейкъуапэ. Республикэм и къалащхьэр абы екІуу, махуэшхуэ теплъэ дахэ иІэу хуагъэхьэзырыну я мурадщ.***

КъАЛЭМ и Іэтащхьэм и къуэдзэ Стельмас Сергей зэрыжиІамкІэ, ТекІуэныгъэм и дамыгъэхэмкІэ уэрамхэр ягъэщІэрэщІэнущ, къалащхьэм щагъэльэгъуэнущ фронтым Іута зауэлІхэм я сурэтхэр. Мыгувэу «ХэкІуэдахэм я фэеплъ» мемориал комплекс нэхъыщхьэр къагъэщІэжьнущ. А Іуэхугъуэхэм сом мелуани 5 трагъэкІуэдэнущ.

Іэмэпсымэщ.Іэхэмкіэ къызэрагъэпэщ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***«Доступная среда» программэм ипкъ иткІэ «Росинка» республикэ реабилитацэ центрым Іэмэпсымэщ.Іэхэмрэ тренажерхэмрэ къыІэрыхьащ.***

ЦЕНТРЫМ и гъэсэнхэм - узыфэ зэмылІэужьыгъуэхэр зыпкърыт сабий-ныкъуэдыкъуэхэм - я Іэпхъэлъпкъыр Іэмэпсымэщ.Іэхэм я фІыгъэкІэ нэхъыфІу икІи тыншу ирагъэфэкІуэну Іэмал ягъуэтащ. Тренажерхэмрэ «Далматинчик», «Слоненок», «Зебра», «Чарли» реабилитацэ щэнтхьейхэмрэ хуэщІащ зи лъакъуэм сэкъат иІэ илъэси 4 - 18 ныбжьым къриубыдэ сабийхэм. ЯІащ механизированнэ тренажерхэри. Іэмэпсымэхэм я нэхъыбэр физическэ реабилитацэм къыздэкІуэу еджэныгъэми хуэщІащ, ахэр партэхэмкІэ, тыншу зэрызекІуэ шэрхъ цІыкІуэхэмкІэ къызэгъэпэщащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

ЯгъэмэщІэнукъым икІи пуду къэнэжынуж

КъБР-м и Правительствэм цІыхухэр къезышэкІ мафІэгуфэр 2015 гъэм игъэмэщІэну и мурадкъым. ЗекІуапІэхэр къэралым зэрыщыгнэхь пуд дыдэм хуэдэу къэнэжынущ.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР Республикэм и Правительствэмрэ «Кавказ Ищхъэрэ къалэгъунэ пассажир компание» ОАОмрэ 2015 гъэм КъБР-м и щІыналъэм мафІэгуфэр зэрыщызекІуэнум теуху зэгурыІуэныгъэ зэращІылІащ. Абы зэрыщыубзыхуамкІэ, гъуэгуанищым тетынущ мафІэгуи 8: Минеральные Воды - Налшык (мафІэгуиплІ), Прохладнэ - Налшык (мафІэгуитІ), Минеральные Воды - Беслъэн (мафІэгуитІ).

КилометрипщІ къэс хуэзэр сом 11-щ. Ар къэралым щынэхъ пуд дыдэщ. Псалъэм и хьэтыркІэ, Ставрополь крайм абы щыхуэза сом 24-рэ.

ЯгъэмэщІэным и пІэкІэ, уеблэмэ Минеральные Воды - Налшык тет мафІэгуфэм тІу кІыхьагъэхьащ.

КъБР-м и бюджетым къыщыгъэлъэгъуащ 2015 гъэм мы Іэнатіэм зекІуапщІэ и лъэныкъэкІэ щыІэ хэщІныгъэхэр 2015 гъэм ирагъэкъуэжыну.

КъБР-м Транспортымкіэ и къэрал комитетым и пресс-Іуэхущапіэ.

Мы махуэхэм

Мазаем и 26, *махуэку*

♦1990 гъэм советыдзэхэр Чехословакием кърашыжу щІадзащ.

♦ТхакІуэ **Щауэ Къалидар** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Адыгэ сурэтыщІ, цІыхубэ Іэпщ.Іэлъапщ.Іэ, Іуэрыі уэтэдж, РАХ-м и дипломант, Адыгэ Республикэм щІыхь зиІэ и художник **ГъуКІэ Замудин** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и Парламентым и депутат, Афганистаным щызэуахэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІу щыта, УФ-м, Афганистаным я дамыгъэ зиІэ Іэшэн зыхуагъэфэща **Тхьэгъэлэдж Тимур** и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщыгтынущ, уэс тІэкІу къыщесынущ. ЩІыІэр махуэм 1 градус, жэщым градуси 2 щыхъунущ.

Мазаем и 27, *мэрем*

♦1945 гъэм **Масей Аслъэнджэрий** Совет Союзым и ЛІыхъужь цІэ лъапІэр къыфІащащ.

♦Шэрджэс сурэтыщІ **Мэзкъуэбэ Хьэзрэт** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Уэрэджьакіуэ, УФ-мрэ КъШР-мрэ я цІыхубэ артист, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Гъуэт Хъусин** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщыгтынущ, уэс тІэкІу къыщесынущ. ЩІыІэр махуэм 1 градус, жэщым градуси 2 щыхъунущ.

♦Жылагъуэ лэжьакіуэ, ДАХ-м и вице-президент **КІэкІыхъу Мэжид** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакіуэ, Адыгэ Республикэм и Правительствэм и Унафэщ **КІумпІыл Мурат** и ныбжьыр илъэс 42-рэ ирокъу.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

УзыгъалІэ псори емынэщ.

ЩІэпхъаджащІэхэм я дэІэпыкъуэгъуэ жэуапым ирашалІэ

«Кавказым и амарат» террорист зэгуихьэныгъэм хиубыдэ бандэ гупхэм ящыща, 1993 гъэм къалъхуа Ходорковский Эдуард и щІэпхъаджагъэ лэжьыгъэр къызэпиудащ Урысейм Шынагъэншагъэмкіэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу КъБР-м щІыІэм.

НАРТКЪАЛПЭ щыщ а цІыхухэр бандэ гупхэм ядэІэпыкъуу щытащ хабзэхъумэ органхэм я лэжьакІуэхэу Аруан районым зи къулыкъур щезыхьэкІхэм ятеуэным зыхуагъэхьэзырынымкІэ. Ходорковский Эдуард ФСБ-м и лэжьакІуэхэм Іэщэ иІыгъуэу къапэщІэувэри, 2013 гъэм и мэкъуэгуэгъуэ маздэм Зэрэгъыж къуажэм ипщэІуэкІэ щыІэ мэзым щаубыдауэ щытащ.

КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм ар игъэкъуэншащ УФ-м и Уголовнэ кодексым и 222-нэ статьям и Іыхьэ 3-м, 208-нэ статьям и Іыхьэ 2-м, 317-нэ статьям ныкъущІапІэгъуэ хабзэншагъэхэр зэрилэжьамкІэ икІи илъэс 13-кІэ лъэхъуащхьи исыну суд трищІыхьащ.

УФ-м и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущапіэ.

● Коллегиехэр

КъалэныщIэхэр яубзыхуащ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым и коллегием хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къудэзэ - егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхущхьэмкIэ министр Емуз Нинэ, КъБР-м и Iэтащхьэм и гъэдыжьэгъэ Дроздов Игорь. КъБР-м и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я Iуэхущхьэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и комитетым и унафэщI Пащты Борис, республикэмрэ муниципальнэ районхэмрэ къыщыдэкI газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэр, радиомрэ телевиденэмрэ я лэжьакIуэхэр. Iуэхущ Iапи Iэ зэмылIэужьыгъуэхэм къикIаха. КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщI Къэзанш Людмилэ тепсэлъыхьащ я IуэхущIафэхэм, къехъулIаxэмрэ зыхунэмысу къэнахэмрэ, апхуэдэуи Iуэхущ Iапи Iэм 2014 гъэм илэжьаxэмрэ 2015 гъэм зыхуигъэувыжа къаланхэмрэ мурадхэмрэ.

КЪЭЗЭНШ Людмилэ къызэригъэнэIуамкIэ, республикэм къыщыдокI газетрэ журналу 44-рэ, электрон хъыбарегъащIэу 15. СМИ-м и къэрал Iуэхущ Iапи Iэхэм лэжьыгъэ IэнатIэ щыпэрытщ цIыху 750-м нэблагъэ. Ику ит лэжьапIщIэу къаланжь сом 16 825-рэ.

- 2014 гъэм и япэ мазихьм республикэ газети 6-м я тиражыр мин 45-рэ хьурт. Илъэсым и етIуанэ Iыхьэм ар мин 37-рэ хьужу арат. Район газет 13-м я тиражыр а илъэсым и япэ Iыхьэм мин 35-рэ ирикъуу щытамэ, мин 29-м нэс ехуэзащ. Ар къыхэкIащ «Урысейм и пощт» ФГУП-м федеральнэ бюджет субсидиер зэрырамытыжьам, газетхэр цIыхухэм яIэрыгъэхьэным и уасэм зэрыхэхъуам. Абы къыхэкIыу республикэ, район газетхэм я тиражыпIэри хуэдитIкIэ хэхьуащ. Иджыпсту КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и комитетыр газетхэм я редакцэхэм щIыгъуу иолэжь тиражэр нэхъыбэ зэращIыну Iэмалхэм.

Илъэс хуэдизкIэ республикэ газетхэр къыдокI Adobe InDesing программэщIэм тету. Версткэм и фIагъри газетым и тепльэри нэхъ зэпэщ хьуащ.

Илъэс кIуам республикэ, муниципальнэ газетхэм я юбилейэр ягъэлъэпIащ. «Адыгэ псалъэ» и «Заман» газетхэр илъэс 90, «Советская молодежь», «Эльбрусские новости» - илъэс 75-рэ ирикъуащ.

2014 гъэм и гъэмахуэм щегъэжьауэ «Кабардино-Балкарская правда» газетым сайтыщIэ иIащ - www.kbpravda.ru. «Советская молодежь» газетым КъБР-м и СМИ-м и порталым езым напэкIуэцI зэрыщIиэм къыдэкIуэу, зэригъэпэщащ видеохэр зэрыплъхьэ хьу сайт - www.smkbr.net. Жьэп телефонхэмкIэ уакIэпылъпыну ахэр икъукIэ тынш хьуащ. «Горянка», «Майские новости» газетхэм «2014 гъэм и прессэм и дыщэ фонд» урысейпсо зэпеуэм текIуэныгъэ къыщыхьащ.

«Эльбрус» тхылъ тедзапIэм лэжьыгъэшхуэхэр ирегъэкIыжкI тхылъ къыдэгъэкIыным теухуауэ. ШколакIуэхэмрэ студентхэмра папщIэ учебникхэр, художественнэ, щIэныгъэ литературэр къэралыбзишымкIи къыщыдокI. 2014 гъэм къриубыдэу «Эльбрус»-м къыдигъэкIащ тхылъ зэмылIэужьыгъуэу 78-рэ. ТиражкIэ ар мин 148,7-рэ мэхъу, - жиIащ Къэзанышым газетхэмрэ журналхэмрэ я Iуэхущ къыщыпсалъэм. Апхуэдэуи, радиомрэ телевиденэмрэ, хъыбарегъащIэ агентствэхэм ягъэзащIэ къаланхэм къытеувыIащ:

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и радио, телевиденэ нэтынхэр ягъэлъагъуэ «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м , «1 КъБР», «Налшык» жылагъуэ телекомпание»-хэм. КъБР-м и дежкIэ екъулIэныгъэфIщ «Къэбэрдей-Балъкъэр» радиоканалыр зэрызэригъэпэщар. Ар къыщыубыд 99,5 Мгц FM-м. Илъэс кIуам республикэм и радиор къэпсэльащ тхьэмахуэм сыхьэти 168-кIэ (махуэм сыхьэт 24-кIэ). НобэкIэ радионэтынхэр республикэм щокIуэкI къаралыбзишымкIи. Республикэм и къэрал телевиденэм махуэ псокIэ и программэ мэтяжу зыгъэлэжьафэм иджыпей технологиехэр къыщыдгъэсэбэпын папщIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр» каналыр егъэофIкIуэнымкIэ лэжьыгъэхэм яужь дихьэнущ. Урысейм и цIыхухэм папщIэ бжыгъэкIэ лажьэ телерадионэтынымр УФ-м къыщызэрагъэпэщыным папщIэ «УФ-м щыIэ телерадионэтынымр егъэфIэкIуэнымкIэ 2009 - 2015 гъэхэм» тещIыхьа федеральнэ программэм ятеухуа лэжьыгъэхэр иджыри иокIуэкI.

Республикэм щыхьыбархэр къэзыт «Вести КБР» хъыбарегъащIэ нэтыным нэмыщI щыIащ Iуэхугъуэ щхьэхуэхэм тегъэпсыхьа нэтынхэр, телепроект гъэщIэгъуэнхэр.

Илъэс кIуам ГТРК-м техникэ и IэныкъуэкIэ зыужьынигъэшхуэ игъуэтащ. Иджыпсту лэжьыгъэ иокIуэкI смартфонхэм папщIэ программэр теухуэнымкIэ. Къыхэзгъэщыну сыхуейщ «Налшык» жылагъуэ радио-телевидение компаниер. Абы трех фильм гъэщIэгъуэнхэр. Илъэс кIуам Вэрокъуэ Владимир и «Къыу закъуэ» фильмыр щытекIуащ КИФЩI-м и СМИ-м я деж щекIуэкIа 2-нэ зэхьыхьэм. Мы гъэм фильмыр Париж щагъэлъэгъуэнущ.

Илъэс хуауэ мэлажьэ «Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ хъыбарегъащIэ агенствэ» (www.kbrria.ru) кIэзэнэ Iуэхущ Iапи Iэр. «Рамблер ТОП 100»-м къыззэригъэлъагъуэмкIэ, ар Урысей ипщэм щыпэрыт хъыбарегъащIэ агенствищым яхэтщ, республикэм нэхъыбэ дыдэу и цIыхухэр зэрыхьэри аращ. 2014 гъэм «РИА «Кабардино-Балкария» агенствэр «Прометей-2014» зэпеуэм щытекIуащ « Кавказ Ищхъэрэм и хъыбарегъащIэ ресурс нэхъыбI» пIэужьыгъуэмкIэ. СМИ-м и порталым (www.smikbr.ru) щызэхуэхьэсащ «Кабардино-Балкарская правда», «ОКБ», «Адыгэ псалъэ» «Заман», «Советская молодежь», «Горянка», «Университетская жизнь», «Майские новости», «Черекские вести», «Эльбрус плюс» газетхэм, «Солнышко», «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау» журналхэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм я сайтэр. Порталым иIыщ КъБР-м и телевиденэмрэ радиомрэ я нэтынхэри. НапэкIуэцI нэхъыщхьэм итщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым щыхьыбархэр. Апхуэдэу порталым хэтщ КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и напэкIуэцI (www.smikbr.ru/sjurnalistov).

Комитетым и унафэщым жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм я щэнхабзэр хъумэным теухуа лэжьыгъэм СМИ-м гулъытэ лей зэрыхуищIыр. Радиомрэ телевиденэмрэ нэтынхэр щагъэхьэзыр адыгэбзэкIи, урысыбзэкIи, балъкъэрыбзэкIи. Щапхъэу кIыригъэлъэгъуащ 2014 гъэм «Къэбэрдей-Балъкъэр ВТК» ГКУ-мрэ «Информатикэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыналъэ управленэм и Iуэху зэIуамбзэкIэ институтымрэ» зэгъуэгу ягъэхьэзыра «Telestudio» проектыу, адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ джыным хуэгъэпсар, лъэпкъ Iуэхум теухуауэ газетхэм ягъэхьэзыр рубрикэ щхьэхуэхэм («Лъэпкъ Iуэху», «Абы дегъэпIейтей», «Гупсысэ»)», «Советская молодежь» газетым адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ напэкIуэцI зырыз зэрахухиар, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм илъэс къэс лъэпкъыбзэхэмкIэ тхылъ щхьэхуэхэр къыззэрыщыдэкIыр.

- СМИ-м мыхьэнэшхуэ иIэщ терроризмэм, Iулъхьэм пэщIэтыныжьмкIэ. Абы теухуауэ республикэм медиа-план къыщыдэдгъэпэщащ. Газетхэм сыт щыгъуи щолажьэ «Антитеррор», «Акция», «Шынагъуэнщагъэ», «Жылагъуэмрэ динымрэ», «Iулъхьэ», «ЩIэупщIэ», «Нобэ дызытепсэлъыхьыр», «КъэхъукъащIэхэр», «Iуэху еплъыкIэ», «Горячая линия», «Телефон доверия», «КъБР-м и прокуратурэм» рубрикэхэр. 2014 гъэм и пэщIэдзэм щегъэжьауэ республикэм и СМИ-м абы теухуауэ ягъэнэIуащ Iуэхугъуэ 356-рэ: газет тхылъэу 197-рэ, интернет хъыбару 103-рэ, телеэнтыну 56-рэ. Iулъхьэм пэщIэтыным теухуауэ комитетым иригъэкIуэкIащ «Антикор-2014», «СТОП, коррупция!» зэпеуэхэр.

Къэзэнш Людмилэ коллегием къыхьэлIаxэр щигъэгъуэзащ 2015 гъэм зыхуагъэувыжа къаланхэмкI. Апхуэдэущ илъэсым къриубыдэу екIуэкIыну Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр республикэ, федеральнэ СМИ-хэм къыщыгъэнэIуэныр; «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГКУ-м нэхъри зегъэужьыныр; газетхэмрэ журналхэмрэ цIыху нэхъыбэм яIэрыгъэхьэныр къыззэгъэпэщыныр; республикэм и СМИ-м и интернет-щытыкIэр егъэофIэкIуэныр; СМИ-м, тхылъ тедзапIэхэм, полиграфием я лэжьакIуэхэр гъэхъэзырыныр; КъБР-м и пщIэр Iэтыныжьмкl Iуэхугъуэ щхьэхуэхэр гъэзэщIэныр; щIэблэр хэкупсэу гъэсэным, КъБР-м ис лъэпкъхэм я щэнхабзэр хъумэнымрэ зегъэужьыныжьмрэ; ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 70 зэрырикъум теухуа тхылъ щхьэхуэхэр къыдэгъэкIынырэ, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэри.

ЗэIущIэм къыщыщIащ «Налшык» жылагъуэ компание зэIухам и унафэщI **Вэрокъуэ Владимир**. Абы жиIащ Комитетым и лэжьыгъэмрэ Кавказ Ищхъэрэм и СМИ-м и Ассоциацэм и Iуэхущафэхэмрэ зэпыщIауэ щытыпхъэу къызэрыпытыр, сыту жыпIэмэ абыхэм я къаланхэмрэ мурадхэмрэ зэхуэдэщ.

- Ассоциацэм и зэIущIэм иджыблагъэ дыщытепсэлъыхьащ «Северный Кавказ» газетым и Iуэхум. Ар къыдэгъэкIыныр къызэгъэпэщыжьын хуейуэ си гугъэщ. Ауэ абы мылъкушхуэ зэрытекIуэдэнуми дегупсысыпхъэщ. Дызэчэнджэщу, Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэр гъунэгъу зэхуэщIыным ди гуащIэ гуэр хэтлъхьамэ арат. Абы теухуауэ СМИ-м и Ассоциацэм Iуэхугъуэ кIиIэтмэ, дэтIыгъныр сфIэигъуэщ. Ди республикэм щыщу Ассоциацэм цIыхуищ хэтын хуейщ. Сэ нэмыщI, Къэзанш Людмилэрэ Фырэ Русланрэ къэдгъэлъэгъунущ.

Журналист ныжьыщIэхэм ятеухуауэ Вэрокъуэр къыщыпсалъэм жиIащ я Iэщ Iагъэм хагъэхъуэну къалэшхуэхэм ягъакIуэ щIалэгъуалэм республикэм къызэрамыгъэзэжьыр игу къызэреуэр. Илъэс кIуам Санкт-Петербург еджапIэ ягъэкIуа цIыху 12-м ящыщу зыми къингъэзжьыну и гугъэкъым.

Район газетхэм къыщIэт Iуэхугъуэхэм, абыхэм къеХъулIэжащ зыхущыщIэхэмрэ, я Iуэху зэIуамбзэхэм тепсэлъыхьащ «Майские новости» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Юрченя Натальерэ** «Черекские вести»-м и редактор нэхъыщхьэ **Чабдаров Маратрэ**. Юрченкэ Наталье жиIащ газетым и электрон версием зэрытелажьэр, езым я сайти къызэрызэрагъэпэщар. Ауэ я тиражкIэ илъэс кIуам елъытауэ нэхъ мащIэ хуьащ.

Емуз Нинэ жиIащ республикэм и СМИ-м и Iуэхур зэрызэхэзыгъэлъытэр, газетрэ журналу - 44, электрон щытыкIэ яIэу - 15 бжыгъэхэм арэзы укъызэращIыр.

- Пэжщ, СМИ-м и пщэ къыдэхуэ къаланэхэр зэригъэзэщIэну мылъкур къемэщIэкIынкIэ хунущ. Ауэ илъэс кIуаxэм иIа бюджетым нэхъри нэхъыбэщ мыгъэбрейр. 2015 гъэм мылъку и гъэныкъуэкIэ гугъу дригъэхь щхьэкIи къэмынэу, СМИ-м мылъку хъарзынэ хуагъэбелджылащ.

Район, республикэ газетхэм я гугъу щищIым, Емуз Нинэ жиIащ абыхэм я сайтхэр егъэофIэкIуэным гулъытэ зэрыхэщIыпхъэр, сыту жыпIэмэ, щIалэгъуалэр нэхъыбэру зэджэр абыхэм я электрон пIэужьыгъуэхэр. Премьерым и къуэдзэм къыхигъащIауэ "Эльбрус" тхылъ тедзапIэм и къаланэхэр нэсу игъэзащIэу къызэрыпытэр. Абы и фIагъ нэхъыщхьэр ар къэрал Iуэхущ Iапи Iэ къызэрызэтенагъ.

Радиом, телевиденэм къат хъыбархэхэм ятеухуауэ Емуз Нинэ жиIащ абы зэIуамбзэ гуэрхэр зэрыхиIыгъуэр.

- Хамэ щыныгъэхэм, нэгъуэщI республикэхэм щекIуэкIхэм нэхъыбэ хыдощIыкI, нэхъыбэрэ дытепсэлъыхь, ди республикэм къыщыхьухэм нэхърэ. БжыгъэкIэ лажьэ телевиденэм дыхуэкIуэмэ, а Iуэхур нэхъри зыхэпщIэ хъунущ. Мис абы зэгъуэгу дегупсысын, дызэчэнджэщын хуейщ. Дыхуэныкъуэщ егъэджэныгъэ, республикэм ис Iэпкъхэм я щэнхабзэр зыхъумэ нэтын тэмэмхэми. Иджыпсту «Iущцэхэр Iущцыдзэхэмрэ» («Умники и умницы») проектым и ужь дитщи, зэрыхъум деплъынщ.

Емуз Нинэ жиIащ журналист ІэщIагъэм езыри зэрыпэгъунэгъур, и гуащIэ щыIэныгъэ сэбэп хъуну зэрыхьэзыр.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

● Пресс-конференцхэр

Гулъытэм хэщIынукъым

Сурэтыр **Холлаевэ Марзиятрэ** *трихащ.*

КъБР-м Лэжьыгъэмкl, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэрэпэщыныр социальнэ дэIэпыкъуныгъэхэмкIэ и министр Тюбеев Альберт иджыблагъэ иригъэкIуэкIа пресс-конференцым щытепсэлъыхьащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий Парламентым Зэрызыхуигъэзам щыщу я министерствэм и къудэхуэ хъыдэхэм илъэсым зэфIагъэкIынымрэ яубзыхуахэмрэ.

- РЕСПУБЛИКЭМ и Iэтащхьэм гулъытэ хэха хуищIащ ди республикэм исхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным. Абы хеубыдэ IэнатIэщIэхэр къызэгъэпэщыныр, цIыхухэм улахуэ тэмэм етыныр, апхуэдэуи жылагъуэм дэIэпыкъуныр. Абы ипкъ иткIэ ди министерствэм мы зэманым программмэ щхьэхуэ зэхэлъхьэ. ИджыпстукIэ республикэ бюджетым а Iуэхуэхэм сом мелуан 19,5-рэ щыхуахащ. ЩIышылэм и 27-м УФ-м и Правительствэм щекIуэкIа зэIущIэм цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщыным сом мелард 52-рэ зэрыхухахар щыжиIащ, - кIыддогуашэ министрыр.

Хэгъэгу программхэм щIэуэ хагъэхьазэм щыщу Тюбеевым къыжигъэщащ щIалэгъуалэм социальнэ грантхэр (сом минищым нэс) етыныр.

- IэнатIэншэ хъу хабзэр еджапIэр къэзыухагъащIэхэрщ, дэнэ Iуэхущ Iапи и лэжьакIуэхэр зэгъэмэщIэн хуей зэрыхъуу IуагъэкIыжьыр илъэс 29-м си ныбжьыр щхьэщыдэмыхьэхэрщ. Зи гугъу сщIы программэмкIэ мылъку зыхухахьыр, уней хьэрычэт Iуэхум зегъэужьыныным, Iэнатl эщIэ къызэIухыным хуэгъэпса социальнэ проектхэрщ. Ахъшэр зэреттыныр куэдкIэ елъытащ проектхэр къызыгъэлъагъуэ ныбжьыщIэхэм я куэдагъымрэ я проектхэм федеральнэ центрым щагъуэт гулъытэмрэ. Зэ мылъкукIэ дызыдэIэпыкъуа ныбжьыщIэм и Iуэхур къемыхъулIэмэ, етIуанэуи зыщIэдгъэхъэнущ, - жиIащ Тюбеев Альберт.

Апхуэдэуи гупльитэ щхьэхуэ хуащI ныкъуэдыкъуагъ зиIэ цIыхухэр Iэнатl экIэ къызэрэпэщыным. Зи Iэпкъ лъэпкъым сэкъат иIэхэр лэжьапIэ езыт предприятэхэм мылъкуIэ зыщIагъэкъуэнущ. Хэгъэгу программэ щыIэнущ абы теухуауэ, а программэм хэтыфIыу Iуэхущ Iапи Iэхэмрэ предприятэхэмрэ зэхьидогъэкI. Къыхэзгъэщыну сыхуейт: зи гугъу сщIы Iуэхущ Iапи Iэхэр хамэ къэрал къраш хьэпшыпхэм ефIэкI къыщIэзыгъэкIынухэрщ.

Ди республикэм ныкъуэдыкъуагъ яIэу исым я бжыгъэр цIыху мини 6-м щIегъу. Гъэ кIуам ныкъуэдыкъуагъ зиIэ цIыху 256-рэ IэнатIэкIэ къызэрагъэпэщащ.

- Щэч хэмылъу, ди лэжьыгъэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм яущащ, унагъуэ хуэмыщIахэм дадэIэпыкъуныр. Къыхэгъэщыпхъэщ ар ириэфIэдгъэкIыну сом мелуан 38-м нэблагъэ ди республикэ бюджетым зэрыщыхухахар. Апхуэдэ щIыкIэкIэ ди мурадщ социальнэ зэгурыIуныгъэхэм (контрактхэм) япкъ иткIэ. ЦIыхухэм зэрызэщIэдгъакъуэм пытщыну. Унагъуэ хуэмыщIахэм я уней, къэрычэтыщIэ Iуэхухэм зегъэужьыныр хохьэ абы. Дэ дыщогугъ дызэрыт илъэсым социальнэ зэгурыIуныгъэхэм цIыхухэм я деж щIэупщIэ ин щиIэну, - жиIащ министрым.

Тюбеевым зэрыжиIэмкIэ, маэаем и 19-м КъБР-м и Правительствэм и Унэм щекIуэкIа зэIущIэм къыщагъэлъэгъуащ зи Iэпкъ лъэпкъым сэкъат иIэхэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэща хъун папщIэ, федеральнэ мылъкум сом мелуани 7,5-рэ зэрыщыхухахар, абы республикэм дыщIигъужьын хуейр зэрыхъур мелуан ныкъуэщ. Къэпсалъэм зэрыжиIамкIэ, хэгъэгу программэм зи Iэпкълъэпкъым сэкъат иIэхэр къэрал муниципальнэ Iуэхущ Iапи Iэм Iуэхущ Iапи Iэ къыщыщынри къыщыгъэлъэгъуащ.

Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм ехьэлIауэ Тюбеевым жиIащ накъыгъэм и 9-р блэкIа иужькIи абыхэм хуащIну Iуэхутхьэбзэхэр зыкIи нэхъ мащIэ зэрымыхьунур. Абыхэм ящыщу цIыху 30-м унэ иратыну тхылъхэр ягъэхьэзыр.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● Жэрдэм

ЯфIэфIу ялэжь Iуэху

Кавказым и ЩIалэгъуалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я щIыналъэ зэхуаку ассоциацэм урысейпсо «Лъэпкъ псапащIэ фондымрэ» «Декоративнэ къэкIыгъэхэр» совхозымрэ я дэIэпыкъуэгъуэ къызэрыгъэпэщащ «Доброволец» проектыр.

МЫБЫКIэ я мурадыр цIыхубэм я псэукIэр езыгъэфIэкIуэн лэжьыгъэхэм щIалэгъуалэр езым я фIэфIныгъэ хэлъу къыхашэныгъ. ЩIыуэпс, щэнхабзэ, гуманитар, егъэджэныгъэ, нэгъуэщI Iуэхухэми ехъэу Къэбэрдей-Балъкъэрым цIыхухэм къыщыззрагъэпэщ Iуэху щхьэпэхэм гъуэгу ягъуэтын, гулъытэ хэха иратын, цIыху жыджэрхэм я къаурмрэ щIэныгъэмрэ къагъэсэбэпыфын папщIэщ мы проектыр къыщыхьахьар. А псоми тращIыхьынущ зэIущIэхэу, волонтер лэжьыгъэу ирагъэкIуэкIынур. Иужьыкъ республикэм къыщыззрагъэпэщынущ Iэнатl эзэмылIэужьыгъуэхэм пэрытын волонтер гуп, къагупсысынущ абыхэм зэрахьэну дамыгъэри.

НАФIЭДЗ Заремэ.

● Хуэ1ухуэщIэ

Псым дыщывгъэсхь

Махуэ бжыгъэ зыбжанэ дэкIмэ, сэлам гуапэ зэтхьыжыну щIымахуэм и иужьрей мазэ мазаекIэ адыгэхэр дызэджэри и кIэм нэблэгъащ.

ЩIыIэмкIэ къыщыщIэздзар «Водоканал» муниципальнэ унитарнэ Iуэхущ Iапи Iэм и лэжьыгъэм гугъуехь куэд щIымахуэм къыхелхьэри аращ. Фигу къызгъэкIыжынщи, щIыр зы метрым щигъэкIэ пхрыщткIат, псы къабзэр, къэдгъэсэбэпа псыр зэрызекIуэ бжьамийуэ километр куэд зэщIэщтыхьэри зэгуэтхъат.

Иужьрейм щхьэусыгъуэ хуэхъуэхэм ящыщщ псы я Iапсэм езышалIэхэм абы тезгуэу щыIэ хабзэр зэрамыгъэзащIэр.

«Водоканал»-м и лэжьакIуэхэм дыкъамылъэгъуащэрэ», жаIэри бельпэ зытIущкIэ иратIыха кIэнауэм гъущI бжьамийуэр щалъхьэ, ахэр щIымахуэм мэщтри, гъатхэпэм къыщыбыжькIэ зэгуотхъ.

Иужьрей илъэсхэм къагупсыса пластикэм къыхэщIыкIа бжьамийхэри абы къызэрыкIэрыху щIагъуэ щыIэкъым. Ахэр тэмэму, проектым ипкъ иту щыIэм щIэмылъмэ, псыр йощтхъэ икIи мэлыжьыхь-накъытIэ мазэ хъуху къэтклужьркъым.

Пэжщ, мы гъэм уэс куэди дигъэлъэгъуакъым, щыIэшхуи къыдищIэкIакъым. Ауэ абы щхьэкIэ къэмынэу «Водоканал» Iуэхущ Iапи Iэм лэжьыгъэ куэд иIащ. Налшык къали абы къегъэщIылIаеу дэ Iуэхутхьэбзэ зыхуэтщIэ жылагъэщхуэзэу Вольнэ Ауэ, Кенжэ, Белая Речкэ, Хьэсэней жылэхэм «Водоканал»-м и Iэщ Iагъэлl, техникэ псомкIи къызэрэпэща и бригадитху щолажьэ.

Сыт щыгъуи хуэдэу дыныволъэIу «сыткIэ си Iуэху хэлъ, жыIэпу фыблэмыкIыу, псы щIым къыщIэжу, псыкъуийхэм («колодец» жыхуэтIэжм) щхьэтепIэ темыльту фриязьIэмэ, къыфтемыхьэлъэу мы телефонхэмкIэ фыкъэпсалъэ: 42-22-16, 42-50-40.

БЕКЪАЛДЫ Анатолэ.

ДыхуэгущIыIэ хъунукъым

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм мазаем и 18-м щекIуэкIа зэIущIэр теухуауэ щытащ а Iуэхущ Iапи Iэм блэкIа илъэсым зэфIигъэкIамрэ 2015 гъэм илэжьыну къыпэщыIъхэмрэ.

КОЛЛЕГИЕМ къриухьэлIащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ **Литовченкэ Татьянэ**, республикэм и Парламентым, министерствэ, ведомствэ зэмылIэужьыгъуэхэм, район администрацэхэм я лIыкIуэхэр, турист-рекреацэ комплексым и Iуэхущ Iапи Iэхэм я унафэщIхэр.

- Министерствэм гъэ блэкIам и лэжьыгъэр нэхъыбэу зытриухуауэ щытар УФ-м и Президентымрэ и Правительствэмрэ 2020 гъэм нэсыху ди къэралым туризмэм зэрызыщижьыну щыIкIэм теухуауэ къыдагъэкIауэ щыта унафэхэр гъэззэщIэныщ, - жиIащ зэIущIэр къызэIуахыа икIи езыгъэкIуэкIа, КъБР-м курортхэмрэ туризмэмкIэ и министр **Шагин Сергей**. - Iуащхьэмахуэ лъапэ щыIэ бгы-лижэ курортыр къэгъэщIэрэщIэжьыным, нэгъабэ и закъуэ хэтщтэнщи, сом мелуан 45-рэ текIуэдащ. Абы кърикIуащ мы щыIэм къекIуалIэ зыгъэпсэхуакIуэхэм я бжыгъэм зэман кIэщIым къриубыдэу зэпщIыкIыу зэрыхэхъуари. Абыкъ, дауи, фыщIэшхуэ бгъэдэлъщ «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» ОАО-ми. Мы гъэм а Iуэхущ Iапи Iэм и мурадщ Iуащхьэмахуэ и джабэ кIэкIуэм дэкIуей кIапсэ гъуэгум и ещанэ Iыхьэр, зы сыхьэтым щIыпIапIлъэ 1600-м нэблагъэ метр 3850 зи лъагагъ щIыпIам нэзыщIсыфынур, 2015 гъэм къызэIуихыну.

Нэгъабэ республикэм зыгъэпсэхуакIуэ цIыху мин 261-м щIигъу къэкIуащ. Абыхэм ящыщу мин 18,7-р хамэ къэралхэм къикIащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и курортрекреацэ, турист комплексхэм и Iуэхущ Iапи Iэ 240-м ящыщу 22-р санаторэхэмрэ пансионатхэмрэщ, 19-р узыншагъэр щрагъэфIакIуэ, 22-р альпинистхэмрэ спортсменхэмрэ зэкIуалIэ лагерщ, 91-р уней, къэрал хъщIэщхэращ, 86-р турист фирмэхэращ. Гъэ блэкIам къриубыдэу абыхэм щыхьащIащ къахэущтэну щытам и процент 51-р. Зи гугъу тщIы лъэхъэнэм республикэм и санаторэхэм сабий мин 30-м зыщагъэпсэхуащ. Абыхэм яхэтащ Къалмыкъ, Дагъыстан, Шэшэн, Ингуш республикэхэм, Волгоград къалэм къикIаxэр.

Турист-рекреацэ, санаторэ комплексхэм я лэжьэкIэр зыхуэдэр къэзыгъэлъагъуэщ абыхэм зыщызыгъэпсэхуа цIыхухэм я бжыгъэр, 2013 гъэм елъытауэ, процентри 2-кIэ зэрыхэхъуаращ. ЦIыху нэхъыбэ дыдэ здэщыхьэщIащэм ящыщщ «Долинск» (мини 8,9-рэ), «Кхъужьей хадз» (мини 8,5-рэ), «Кавказ» (мини 7,9-рэ) санаторэхэращ.

Туризмэм пыщIа Iуэхущ Iапи Iэм щылажьэхэр 2014 гъэм процентри 9-кIэ нэхъыбэ хъуащ икIи я бжыгъэр цIыху 4500-м нэсзэрыхьэсащ. Абыхэм я улахуэр ику иту сом мини 9,3 хъуащ. Ар, 2013 гъэм елъытауэ, процентри 5-кIэ нэхъыбэщ. Абы кърикIуащ гъэ блэкIам хуэзэу, турист-рекреацэ комплексым сом мелуан 210-м нэблагъэ налог къызэритари.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ курорт комплексым хиубыдэ зыгъэпсэхуп Iэхэм я лэжьыгъэр иджыпей мардэхэм къызэригъэтIэсапхъэми. Абы щыгъуэми, фонд нэхъыщхьэхэм (унэхэм, абыхэм щIэт унэлъащIэхэм, н.къ.) я нэхъыбэм жьыфэ къытеуащ, ягъэзащIэ Iуэхутхьэбзэхэри нобэрей щылъэхэм пэжьыжьэщ. Къыщынэмыщ Iауэ, санаторэхэм зыщызыгъэпсэхухэм я нэхъыбапIэр (процент 80-м щIигъур) хэхъуэ къэзыкIыту - сабийхэр, пенсионерхэр, ныкъуэдыкъуэхэр, щтапIэ къэкIуахэр, нэгъуэщIхэри.

- Дэ, туризмэмрэ рекреацэ комплексымрэ щылажьэхэм, зэхэтщIыкIпхъэщ республикэм и цIэр фIыкIэ дгъэIун, Iуэхугъуэщ Iэу къыщрахьэжьэхэм жыджэрагъэ тхэлъу дыпэджэжьын, дуней псом къыщащIэ унэтIныгъэщIэхэм дадекIун папщIэ, бгъэдыхьэкIэщIэхэм дыплъыхьуэн зэрыхуейри. Ар нэхъыбэу зи пщэ къыдэхуэри дэращ. Зи гугъу тщIы Iуэхугъуэхэм нобэ дыхуэгущIыIэмэ къикIын щIагъуэ щыIэкъым. Иджырей зэманым дэнэ лъэныкъуэкIи сыт хуэдэ зэкIэлъымыкIуагъэ щыIэми, цIыхухэр псынщIэ дыдэу щыгъуазэ мэхъу, - жиIащ Литовченкэ Татьянэ, зэIущIэм щIэсахэм защыхуигъазэм.

Зэхьыхьэм кърихьэлIахэм рекреацэ и лъэныкъуэкIэ республикэм япэ щигъэщIэпхъэ Iуэхугъуэхэм къыхагъэщащ. Ахэр: Азау, Чегет хуейхэр къэгъэщIэрэщIэжьын, кIапсэ гъуэгухэм зегъэужьуэдиин, бгы-лижэ лъагъуэхэр иджырей мардэхэм къыгъэтIэсэн; - «Налшык» санаторэ-курорт комплексым зыкъегъэужьын; «Iуащхьэмахуэ-Безенги» турист-рекреацэ кластерыщIэм и инженер хуэIуэхущIэхэр зэхэгъэувэн; «Зэрэгъыж» автотурист кластерым зегъэужьгъэн, нэгъуэщIхэри.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Къулыкъущіэхэр

Мэтынш икІи мэтхъэж

«АиФ»-р куэдрэ тепсэлъыхьащ къулыкъущіэхэм ягъэкІуэщІ мылъкур зыхуэдизым. Абы къигъэтащ бюджетыр напэнщагъэ хэлъу зэрызыхадыгъуэм и щапхъэхэр икІи мызэ-мытІуэ ахэр къыхуриджащ езыхэм я щапхъэ трагъэкІуадэр ягъэмэщІэну, зыгуэркІэ цІыхубэм ядэгуэшэну. Иджы федеральнэ властми ардыдэм къыхуреджэ. АтІэ къикІрэ зыгуэр?

Губернаторхэр, мэрхэр, уеблэмэ районхэм я Іэтащхьэхэр къэралым и хьэкъкІэ езыхэм я тыншыгъуэр зэтраухуэным зэрызхущІэкъур щыплъагъукІэ уогупсыс урысей къулыкъущІэхэм тхъэжыгъуэ гъащІэр ІэщІыб зэрахуэмышІыну.

Абы щыгъуэми, щыпІэ унафэщІхэм я зэІущІэм Президентым и администрацэм и Іэтащхьэ Иванов Сергей ахэр къыщыхуриджауэ щытащ нэмысыфІэу щытыну, езыхэм я тыншыгъуэ къызэрагъэпэщын папщІэ бюджет ахъшэр хъамыгъэсэбэпыну.

Мелуанхэр щІат

Къэралыр зыхэхуа сризисым гу щыпІатагъэнукъым Волгоград и кІала думэм. ШколакІуэхэр зэрызекІуэ билетхэр щагъэкІуэдыжа, гъэшхэкІхэр щапщэфІ пщэфІапІэхэр щызэхуащІыжа, нэхъ хуэмышІахэм ахъшэкІэ щадэмыІэпыкъуж зэманым щыпІэ депутатхэм мурад ящІащ сом мелуани 163-рэ щІату зы илъэскІэ бдджэнду автомобиль 15 къыІахыну. Абы щыгъэми кІалэ думэм зэпымыууэ щылажьэр депатути 5 къудейщ. Экономикэр зыхэт гугъуехьхэри зыщцэщахьи мурадкІэ цІыхубэм и Іэхуэтхьэбзащ Іэхэм зэпымыууэ мылажьэ депутатхэми ахъшэ иратын щІадзэжынущ (ар ирамытыным теухуа унафэ бадзэгъэгъуэм къащтат). Зи гугъу ящІыр сом мин 30-40 къудей «фІэкІа мыхъу» мазэ улахуэрщ. Абыхэм а унафэр пхагъэкІащ, ар имыдзу кІалэ прокурорыр къэувэ пэтми.

Къулыкъущіэ псоми я нэхъаухоиІ автомобиль зыкъызыхэмэ. Мэрхэри аращ. Псалъэм и хьэтыркІэ, Урысейпсо цІыхубэ фочителыр ІэнатІэ (ОНФ) кьитахэм ятепщІыхьмэ, Уфа, Красноярск, Новосибирск, Тюмень кІалэхэм я мэрхэм я автомашинэхэр сом мелуани 6 нэхърэ нэхъ лъапІэщ. Хабаровск, Балашихэ, Новгород Ищхъэрэ я кІалэ Іэтащхьэхэм я автомобилхэр сом мелуани 5-м, абы щІигъу я уасэщ. «Абы хэм я нэхъыбэр къэрал ахъшэкІэ къамыщхьауэ къыщІрагъэдзащ. Ахэр я уней машинэу къыщІэкІынкІи е белджылыуэ щымыт нэгъуэщІ хэкІыпІэхэмкІэ къащэхуагъэнкІи хъунущ. Ауэ мэрыр сом мелуани 5 и уасэ автомобиль щІисым и щхьэусыгъуэм щІыхуэр щыщІэуІэщІэ, абы жэуап Іупщ иратыжыфу щытын хуейщ, - жеІэ ОНФ-м и Штаб нэхъыщхьэм хэт, Къэрал Думэм и депутат Васильев Александр.

ЖыпІэ хъунукъым автомобиль лъапІэхэр зыфІэфІэхэр сыт щыгъуи тезырыншэу хэкІыу. Нэгъабэ и гъэмахуэм Примор краим и арбитраж судым хабзэм емызэгъэуу къилъытащ сом мелуани 3-м щІигъу и уасэ «Тойота Ленд Крузер 200» Владивосток и кІалэ думэм къыщыхуащхуэм зэращІыліа зэгурыІуэныгъэр. Думэм и спикерым сом мин 34-кІэ етхьэкъуащ. Камянскэ кІалэ округым (Свердлов область) и Къэзыбж палатэм сом мелуан 1,3-рэ и уасэ «Фольксваген Пассат СС»-р мэрием и дежкІэ лъапІэІыуэ къилъытащ икІи къагурагъэІуащ щыналъэм и гъэгухэм я процент 20-м фІэкІа асфальт зэрытемыльыр. Араща, «къуажэ щыпІэм» нэхъ езэгъыну автомашинэ къащэхун хуейщ».

Автомобиль лъапІэхэр къыхуащэхуу ямыдэ щыхъум, къулыкъущІэхэм ахэр бдджэнду къыІахыу щІадзащ. Іэджэрэ къохъу апхуэдэ лизингым ахъшэ іэхъыбэ щытекІуадэ. Ауэ нэхъ Іэмал зэрыуэхэр къыщагъэсэбэпи урохьэлІэ. Новгород областым и правительствэм сом мелуани 5-м щІигъкІэ зы «Мерседес» ремонт иригъэщІыну къэрал заказ итащ. А ахъшэр щыналъэм и къуажэ курытым и бюджетым нэхърэ хуэдитІкІэ нэхъыбэщ. Машинэ пкъыгъуэхэр къэщхун» псалъэхэмкІэ щІауфэ Іуэхугъуэхэр щагъэбелджылаш ОНФ-м. Ар хэІущІыІу зэрыхъуу, сом мелуани 5-р тельыджэ дыдэу сом мини 150-м нэскІэ занщІэу ехащ.

Ауэ ахэр поури жьгъейщ. Петербург мурад щащІащ Комаровэ къуажэм и деж гъущІ гъэгуум автомобиль зэрыпхыкІын лъэмыж сом меларди 2-рэ мелуани 137-рэ (!) и уасэу щаухуэну. ЦІыху 1230-рэ фІэкІа щыпсымпсэу курорт щІыпІэ цІыкІум лъэмыж щаухуэнущ я дачхэм кІуэ къулыкъущІэхэр автомобиль зэтрихьаэхэр зэтекІыжьыным пэплъэу дакъикьи 10 ямыгъэкІуэдын папщІэ!

Іэджи уолъагъу, уи нэгуми зеужь

КъулыкъущІэхэм яфІэфІщ бюджет ахъшэкІэ нэгъуэщІ къралхэм кІуэну. Самарэ щыщ къулыкъущІиплІ Франкфуртрэ Штутгартрэ лъэтащ, дауи, бизнес-класскІэ. Псори зэхэту сом мин 500 текІуэдащ. ЦІыхухэр имыгъэгубжьын щхьэкІэ а зэманым мэру щыта Азаров Д. жиІат экономкласскІэ (хуэдищкІэ нэхъ пудщ) лъэтэну. Челябинскэ спортымкІэ и управленэм и унафэщІ Иванов Евгений и фызыр щыгъуэ бюджет ахъшэкІэ Швейцарием лъэтащ. Иджы суд пащхьэм зыщигъэзэхуэну хущІокъу лажьыгъэ Іуэхугъэ «Трактор» клубым и хоккеистхэм я гъуэсу ежьа хуэдэу.

2014 гъэм Екатеринбург и администрацэм и Іэтащхьэ Якоб Александр Германием зэрыщыІам текІуэдащ сом мин 200. «ЭкономкласскІэ лъэтамэ, сом мин 30 къыдигъэхуэфынут, - жеІэ Свердловскэ областым и хабзэгъэуэв зэхуэсым и депутат Альшевских Андрей. - Администрацэм щыщ цІыхубз зыщІыгъуа кІалэ унафэщІым Ганновер къызэкіплъыхьыным тригъэкІуэдащ сом мин 69-рэ. ХьэщІэщым зы жэщ-махуэм сом мини 9 щІатащ. Абы щыгъуэми, уеблэмэ Ганновер икуми нэхъ пуд щыбгъуэтынущ.

Жьым ехь ахъшэр

ГъащІэм къызэригъэлъагъуэщи, унафэ тэрэзхэр ищІын, Іуэхугъэ зэригъэкІуэн папщІэ Іэтащхьэм тыншыгъуэ псори иІэн хуейщ. Камчаткэ крайм и правительствэм и зы конференц залыр ягъэдахэ сом мелуан 25-кІэ. Абы сабий зеиншэ 12-м пэш зырыз хъу фэтэр къахуащІэкІынут. Чита и мэрием и мурадщ егъэблагъаплэр, кабинетыр, щызэпсэлъэну пэшыр сом мелуан 1,9-кІэ иригъэбфІэкІуэну. Мазаем и 3-м апхуэдэ унафэр якъутэжащ, ауэ зыгуэрэр зэрагъэзэхуэжынуэр, ягъэззэщІэн щІадзэжынущ.

А Іэнатіэм и лэжьакІуэхэр апхуэдэу хыхьэн хуей хъуащ Чувашием и правительствэм и гъэм я нэгу щІыщагъэужь-зыщагъэпскІ (сауна) зэрыщащІам и Іуэхуми. Бюджетым щыщ сом мелуани 7,5-р жьым ихьауэ жьпІэ хъынущ. Уголовнэ Іуэху зыбжанэ къаІэтащ.

НэгъуэщІхэм я деж

2013 гъэм Китаим и унафэщІ къулыкъум щыпэрыуэвэм Цзинпэин Си къыхуриджащ мылъкур иракъуэхьыныр ягъэувыІэну коррупцэм пэщІэтыну. ЖьітІэнщи, мылъку зэлъэфэлІэн и лъэныкъуэкІэ зэхищІыхьа щІэпхъаджагъэ зыбжанэм папщІэ иджыблагъэ и щхьэпалъащ мелардырбжэ икІи бгым елэжь компаниехэм ящыщ зым и унафэщІу щыта Хань Лю. Гужьеи къулыкъущІэхэр, зэрыжаІэмкІэ, иджыри коньяк лъапІэхэм йофэ, ауэ, къызрагъэхьэщу пластик птулькІэхэрщ.

ЦІыхуэм итхьэлэ Грециеи и премьер-министрыщІэ Ципрэ Алексис иджы дыдэ жиІащ къулыкъущІэ ахэщхьэхэмрэ депутатхэмрэ щхьэхъэмэхэр яІэн хуэмейуэ. Италием и премьер-министр къулыкъур нэгъабэ зыІэщІыхьа Ренци Маттео унафэ ящІащ къулыкъущІэ автомашинэхэу 150-рэ (къэралым зыхъумэжьыныгъэмкІэ и министерствэм и «Мазератти» автомобилри яхэту) ящэну. КъыхэгъэщІыпхъащ европей къулыкъущІэхэм автомашинэ лъапІэхэр къызэрамыгъэсэбэпыхэр. Псалъэм и хьэтыркІэ, лъакъуэрыгъажкІэ зокІуэ Норвегием и пащтыхьыпхъу Мете-Маритрэ Лондон и мэр Джонсонрэ. ЩІыдгъужьинщ, Инджылызым и бюджетым къыхэкІыу электричкэмкІэ зэрыщ

Артист, драматург цІэрыІуэ Мурат Чэпай Исмел и къуэр Адыгэ Республикэм щыщ Блашэпсынэ къэбэрдей къуажэм 1939 гъэм къыщалъхуащ, Мэзкуу дэт Театр гуэдзджэм и къэрал институтыр, Адыгей къэрал пединститутыр къиухащ, театрым щылэжьащ. АР-м ЩэнхабзэмкІэ и министрым и япэ къуэдзэ къулыкъур зэрихьащ.

Мурат Чэпай и къалэмыпэм къыщІэкІащ «Батыр», «Фызабэхэр», «Анэм и гукъеуэ», «КъулыкъущІэкъуэхэр» драмэхэр, «Льагъуныгъэм ириджэгуркъым» комедиер, ахэр Адыгей, Къэбэрдей къэрал театрхэм куэдрэ щагъэлъэгъащ.

Муратым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм, Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и артист, Адыгейм и цІыхубэ артист цІэ лъапІэхэр къыфІащащ. АР-м и къэрал саугъэтыр къыхуагъэфэщащ.

2013 гъэм дунейм ехыжащ. Иджыблагъэ Мейкъуэпэ къыщыдэкІащ абы и гукъэкІыжхэр зэрыт «Си гъащІэ - си дуней» тхылъыр. Щыгъуазэ фыдоуІ Мурат Чэпай и гукъэкІыжхэм щыщ пычыгъуэхэм.

Мурат Чэпай и гукъэкІыжхэр

Си гъащІэ - си дуней

Мэзкуу дыщыдэроІыху

ЦІЫХУХЭР зытехьэ гъэугуэхэр зэщхькъым. Гъэугуэ благъи гъэугуэ жыжьи щыІэщ. КуэдкІэ зэщхьэщокІ ахэр. Зыр гъэугуэ захуэщ, адрейр нэшэхьашэщ. Зым гуапагъэ щыбольагъу, уи гур щыхэщІ гъэугуи урихьэлІэнчэ. Уи жагъуэ уи щІасэми, утехьэнкІи мэхъу гъэугуэм - уи лэжьапІэм кьалэн къкъыпащІ, уи пщэ кьыдалъхьэри. Мыльку щІэнкІи гъэугу техьэри мащІэкъым - зыгуэр къеуэзІэнкІэ мэгугъри. Уи гурыгъэр щижынкІэ мэхъу ахуэздэ гъэугум. Іэджэ кьыщоуэлІэн уи гуГэуэрэ уокІу гъэугуэ - насцупІыщэ ущыхсуэуэ укъыщІидзыжынкІэ мэхъу армыхъу. Уи анэм, уи адэм деж узышэж гъэугуэ дахэщ, апхуэздэщ уи цІыхугъэхэм, уи ныбжьэгъуэхэм уахэзышэ гъэугуэри. Ущыунэхъунур пщІэнчъкъым: ар къащыщІащ я хэкур ябгьнаэр, я лъапсэ ІэщІыб ящІаэу зэгуэр гъэугу техьахэм.

Мащ.Іэ щІакъым абы лъандэрэ, итІани абыхэм я нэгу щІэт зэпытщ я хэкужьщ, я пщІыхьэпІэм хэкІыкрыкъм. Дунейм текъуфха хуящІ,ахэр, дэнэ щІыпІи ущрохьэлІэ иджы. Америкэр тпэжьижьщ - абыи ущрихьэлІэнщ ди лъэпкъэгъуэм. Си гъэугуэм ящыщ зым сахишащ абыхэм. Ар зи фІыгъэр Щыкъ Мухьэмэдэ,Іыдщ. Сэ ар сцІыхуэгъэкъым, си мынэІуасэми, сыщригъэблагъэм и ныбжьэщ сихьащ, гъэугу жьыкъэр зэпысчри. Си хьыбар щыгъуаззэт езыр, си гугъу зэхихаэу; себлагъэмэ, фІэмгъэуэ къыщыдсхуитхым, зГъэщІэхъуакъым. Щогуэ Самир щыхьэщІат ди хэкум, Америкэм, Калифорнием нэс къикІри. Самирщи си хьыбар хуэзыхьар, си гугъу хуэзышІар.

Гъусэ дызэхуэхуащ; уэрэджьакІуэ Пащ.Іэ Ленэ, пшынауэ Іэзэ Мэкъуауэ Мухьэмэд, журналист, тхакІуэ, жьлагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ Хьэфыщ.Іэ Мухьэмэд, абы и щхьэгъусэ Дол Розэ. Хьэфыщ.Іэр къэрал кУэдым щыІат, тхылъ зыбжанэ итхат хамэ щІыналъхэм щыпсэу адыгэхэм, шэрджэс лЫщхьэхэм, гъуазджэм, литературэм я лэжьакІуэхэм, дзэпщэхэм, къэрал лэжьакІуэшхуэхэм я гъащІэмрэ я ІуэхущІафэхэм теуХуэуэ.

Мэзкуу дыщызэІущІащ нэрыбгитхур, дызэрыцІыхуащ. Уи хьыбар зэхуэтІуэтэжащ. Гъэугу жьыкъэр къытщІэльщ. Абы, дауи, ухимыгъэпІлъапІэр иІэкъым.

Гъэугу техьэ къытенэркъым

ГЪУЭГУ щІытехьэкІэ узриІхьэпІэнур пщІэнчъкъым, узыпкъыпІъэхъами - уГуэзэкІэ мэхъу. Ди екъэзгъэр къэмыс щІыкІэ Мэзкуу дыщрихьэлІащ Иорданием и посольствэм и япэ секретарь Балъкъыз Мухьэмэд. Зыбжанэ щІащ абы СССР-м и щІыкъэрым къуплъыкІэ зэрыщищІэрэ, и къуитІ щригъэджащ Мэзкуу. И щхьэгъусэ Сюзаннэ Къардэнхэ япхъуащ, и адэшхуэр ди кьуажэм, Блашэпсынэ, дэкІащ. Балъкъыз Мухьэмэд и унэр цІыкІуаніэщ, куэд щІыззблокІ, гуапагъэ, хьэщІагъэ зэрыІэрах. Балъкъызым и унэм ихьэ зэщІэхэм ящыщ дыхьуащ дэри.

Адыгэ гупшыхуэ дыщриихьэлІащ Балъкъызхэ. Зыр Бангладеш макІуэ, адрейр Алжиритм, дэ - Америкэм.

Балъкъызхэ я деж таксикІэ дыкІуати, зыр адрейм дыщыгугъыжурэ, Мэкъуауэ Мухьэмэд и пшынэр машинэм кьредгъэнащ. Сыт иджы ди Іэмалыр? Хьэфыщ.Іэ Мухьэмэд мэшхыдэ: «Америкэм ущІашэр узэрыпшынауэм щхьэкІэщ, армырмэ хэт кьыпхуэныкъуэр?» Балъкъызхэ я аккордеоныр ящыдатынущ. Аккордеон я щыпэлъагъу Америкэм, абыи щыдгъэтынущ аккордеон. Апхуэдэ щІэщхьэ кьызэрытщыщІами дигъэнэщхьеящ.

Москва зы таксомотор парк кьыздэнахьэкІа нэужь, Хы хуэмым и Іуфэм пэмыжыжьэ Лос-Анджелес дыщетІысхащ. Адыгэ фащэкІэ хуэпауэ, цІыху щитІым щІигъу кьыщыгтпежьащ абы. НэІуасэ тхъэтъауэм ящыщщ Германием щыпсэу, Лос-Анджелес нэс нэкІуа Хьэщ.Іэщ.Іыкъ Аднан. ИужькІэ Аднан Кавказым кьэигъэзэжащ, Налшык щопсэу. Адыгэ хэкум кьэкІуэрейуэ щытащ ар, телефильм куэд щытрихащ ди деж, абыхэм ящыкІри къэзыщагъэнщІыркъым Америкэм щыпсэу адыгэхэм.

Аэропортым джэгушхуэ щытщІащ, куэдым нэІуасэ, хэгъэрей дахуэхуащ. Лос-Анжелес пэжьижькъым дыздэкІуэн хуэ адыгэхэм псэупІэ яхуэхъуар.

Гъэугу техьа гупыр. *1989 гъэ*

НэгъуэщІ дуней

КХЪУХЬЛЪАТЭМ дыкъыкІащ. Догъэщагъуэ: кьабзагъэрэ щхьуантІагъэрэ уи нэм кьыІуидзэр, Іэуэлъауи и жьэ утІыпщащэ псальи зэхэпхырыкъым. ЦІыхур Іув щхьэкІэ, зэдырыкъи зэжьхэзэуи пльагъуркъым, нэмысрэ цІыхугъэрэщ ядэпльагъэр. Ар сфІэгъэщІэгъуэнщи, зызоплъыхь, защІэгъэнщІыркъым. Фыз макъ зэхэсхащ асыхьэзым. МэкІий фызыр - дызыщІыгуазэ бзэщ зэрыщкІийр: «Чэзум сыхэмыгъэт, сэ сешащ, сиІ пэр пох, япэ сивгъэщи, сыфІтыпщІ»! ЦІыхубз бэвыр делэ хьуауэ кьащцыхуагъэнщ: псори къоплъ, зыхуахьынур ящІэркъым. «СопІащІэ, япэ сивгъэщІ» - щІичэркъым абы. Зы цІыхухэу кьехъуфджащ, и жьэр щимыбыдыжьыхьхэм: «Ди напэр тыбох, зэтепІэ уи тІуалэр, уи пІэ ит, чэзур кьыпплъысмэ, укъалъагъунщІ».

Адыгэм и псэпъафэщ: уи унэ зыщыгъаси, хасэм ящыхьэ. И кьэрал иусэгъатэмэ, емыкІу къамыщІынкІи хъунт цІыху Іувым яхэгуауэ цІыхубз щэныншэр. Хамэ къэрал уиухауэ, щыкІейуэ закъебгъэльагъэуныр кьэзэгъэркъым, дауи. ЕмыкІу кьызэрумыхьышьи упылъын хуейуэ кьыптохуэ - аращ адыгэр дызыхуагъэІущари дызыщІапІыкІари...

Кхъухьлъатэм дыкъикІри, лъбэкъуэ лей дагъэчакъым: ди тхылъи ди хьэпшыпи щІэх дыдэ кьыдатыкащ, гъуэгуми дыщагъэгъуэзащ. Абдежым адыгабзэ кьабзэ зэхьоф, транспаранти кьыдолъагъу: «Адыгэжр фыкъебларгъэ!» Кьытпежьахэм дахэзэрыхьыжащ. Гъэугу техьэ кьытенэркъым, дауи. ЕмыкІу Мухьэмэд и пшынэр машинэм кьредгъэнащ. Сыт иджы ди Іэмалыр? Хьэфыщ.Іэ Мухьэмэд мэшхыдэ: «Америкэм ущІашэр узэрыпшынауэм щхьэкІэщ, армырмэ хэт кьыпхуэныкъуэр?» Балъкъызхэ я аккордеоныр кьыдатынущ. Аккордеон я щыпэлъагъу Америкэм, абыи щыдгъэтынущ аккордеон. Апхуэдэ щІэщхьэ кьызэрытщыщІами дигъэнэщхьеящ.

Москва зы таксомотор парк кьыздэнахьэкІа нэужь, Хы хуэмым и Іуфэм пэмыжыжьэ Лос-Анджелес дыщетІысхащ. Адыгэ фащэкІэ хуэпауэ, цІыху щитІым щІигъу кьыщыгтпежьащ абы. НэІуасэ тхъэтъауэм ящыщщ Германием щыпсэу, Лос-Анджелес дыщетІысхащ. Аднан. ИужькІэ Аднан Кавказым кьэигъэзэжащ, Налшык щопсэу. Адыгэ хэкум кьэкІуэрейуэ щытащ ар, телефильм куэд щытрихащ ди деж, абыхэм ящыкІри къэзыщагъэнщІыркъым Америкэм щыпсэу адыгэхэм.

Аэропортым джэгушхуэ щытщІащ, куэдым нэІуасэ, хэгъэрей дахуэхуащ. Лос-Анжелес пэжьижькъым дыздэкІуэн хуэ адыгэхэм псэупІэ яхуэхъуар.

Анахайм

МЕЛУАНЫМ щигъу цІыху щопсэу Анахайм кьалэм, унагъуэ щиплІыр адыгэщ.

Шыкъ Мухьэмэд-Хьид и пщІантІэм дыдыхьащ, кьалэм дынэсри. Нэху щыху ди нэбдзыпІэ зэтетпхьэкъым, Гъэугу кІыхь кьыздэрызэпытчари дызэрешари кьытфІэІуэхужькъым: Іэджэм щІоупщІэ унэм кьыщІыхьэщІэкІыжэр. Жьыи щІэи, щІыкІуи ини-Іэджэ кьеблэгъащ ди бысымым деж. ЗыщагъэшІыркъым хэкужьым кьинКа хьэщІэхэм, куэдым щІоупщІэ, псалъэр зэпыумэ, уэрэдщ, кьафэщ. Мазэ щитхащ Америкэм, япэ махуэр псом нэхърэ нэхъ гукъинэж сщыхъуауэ кьысфІощІ.

Адыгэхэр зыдэс кьалэр Хы хуэмым и Іуфэм Іугъэшащ. Абы и уэрамкэр щхъуантІагъэм щІигэнащ - Мейкъуапэ и уэрамкэр си нэгу кьыщІагъэхьэжащ хы Іуфэм Іус кьалэм и уэрам зыкъызыхэзм. Кьалэм щІыІэ щІыхьуркъым зэи. Сочэ удыжьа хуэдэщ, жыг, кьэкІигъэ зэмылІэужьыгуэхэр щыгъужьнэжщ. Хамэ щІыналъэм иззгъащ кьалэм дэс адыгэхэр, ахэр Сириием, Иорданием, Тыркум, Израилым щыкІащ. Псэкъыгъэ лъыхъуэрэ зыбжанэрэ зэкъэзекІуэри, Калифорниием къыщызэтеуыващ. Абыкіэ щыуа кьысфІэщыркъым ахэр. Кьалэм нэхъыбэрэ узыщІихьэлІэ унэцІэхэм ящыщщ: Гъыш, Іэпышц, Атэлыкъ, Шыкъ, КІэрдыкІуей, Мэлгуэш, Шогуэ, Цей, Шурдым. Умар, Хьэгъуэ, Дыгъужь, Льостэн, Джэтауэ, Хьэкъун, ЩаэупщІокъуэ, Нэгъуей, Куэшбей, нэгъуэщІхэми. УщрохьэлІэ Етіуанэ дунейпсо зауэ и ужькІэ хэкур зыбгьнахэми - ахэр нэхъ мащІэщ, жьыфи къатеуакІэщ.

Зыгъэ ящІ.Іыгъуэ, бдзэжьей къупщхьэм фыхуэсакъ. Хасэщхуэр зэхьхьэнурэ драгъэблагъэнущ, емыкІу къэтхъхъунуклым». Мухьэмэд ар щыжиІэм, сыкъыщитхъри - зэрыхъуари сщІэркъымбдзэжьей къупщхьэм си тэмакъым зыхисащ. Зыри жысІакъым: зызыуцэхури, Іэнэм сыкъыпэрыкІащ, гу зыпЬэзмыгъатэурэ, унэм сыщІэкІри, пщІантІэм сыдыхьащ. Ёэмыщіа щыІэкъым, итІани си тэмакъым зыхьхъэзыса бдзэжьей къупщхьэм зигъэхьеякъым. Сыгузавэурэ, пщІантІэпсыр кьызэжІащ. Мухьэмэд и псалъэр си щхьэм иКІыркъым, и макъ зэхьзох; къысщыдыбэч къыппигуфыкІащ, абы зыри кьыфІигъэкІакъым. ПщІихьэщхьэ зэхьхьэм и щІэдзэгъэуэ хуэати, дызэфъэдзекІыжащ Къазбэч сэрэ. Дыгужь Алий сыбгъэдэтІысхьэн хуейти, си пІэ ситІысхьэжащ. Ар сэр нэхърэ нэхъыжьщ, Иорданием кьикІащ.

Щым хуэщ щІыхуэр. Микрофоныр Агъашэ Мушир ІэщІалъхьащ - ар абдзэ щІалэщ, макъыдфІэщ, пщІыхьэщхьэ зэхьхьэр кьызэІухьныр дзыхь щІыхуащІар арагъэнт.

- Фи пщІыхьэщхьэ фІыуэ, гуп махуэ! Ди нэхъыжьым, Дыгужь Алий, долъэУ: уи псалъэ дегъэдалуэ!

И щхьэцым тхъугъэ хидзауэ, ЛІы екІуэ Дыгужь Алий. Микрофоныр иубыдами, псалъэм хуэпІэщІакъым, пэшышхуэм щІэсхэм яхэпІьащ, итІанащ и псалъэр щиублар.

- Ди шыпхъу дахэхэ, ди къуэш лъапІэхэ, ди хьэщІэ махуэхэ! Ныщхьэбэ ди щІыІэзэхьльар фэращ, ди хьэщІэ лъапІэхэ! ФІэхъус фэтхьи, фыптпльагъуи щхьэкІэ! ФыкьыІэзэрыпхуэкІуар ди гуапэ дыдэщ. Нобэ хуэдэ зэхьхьэ Тхьэм дыщимыгъащІэ. ХьэщІэ лъапІэхэр фызэрыптпльэгъуам, фыкъызэрытхуэгъэблэгъам дыщогуфІыкІ, фи мурадхэр Тхьэм къывигъэхъуІэ, Тхьэм къывдигъэхъу. Нахъ щІэх-щІэхыуэр Тхьэм дызэІуигъащІэ, Тхьэм куэдрэ дызэхигъэхьэ! Псапэ къэфхьащ, нобэ фыкъытхьхьэри. Фи насыпэ нэхъыбэ ухъу. Ныщхьэбэ мы зэІущІэм къырихьэлІаэми ди хьэщІэ лъапІэхэми гуащІэрэ Тхьэм къарит, нэхъыфІым Тхьэм фыхуиущэ! Я нэ кьэфхуикІми, мы бы къримыхьэлІаи щыІэщ, ахэри ягъэгуфІащ, ягъэгушхуащ, Ди хьэщІэхэр ди хэку лъапІэм кьикІащ, аращ ди хьэщІэхэр псом щІалейр. Дуней жэнэтщ ди хэкужьщ, ди лъэпкъыр Кьуэкъасырщ кьыщыхъуар щыпсэури. Ди хэкужьым и хьыбар куэд драгъэдалуэ зэпытащ ди адзэкъэм. Дэ дылъэпкъ мащІэщ, ар щхьэусыгъуэкъым щІэсыгъэ, Іуэхущ.Іэ щхьэгъусэ Дол Розэ. Хэкужьым хуаІэ лъагъуныгъэрщ ди щІалэгъуалэм гуащІэрэ гуащІэрэ Тхьэм хьаурт, нэхъыфІым Тхьэм фыхуиущэ! Я нэ хьэфхуикІми, мы бы къримыхьэлІаи щыІэщ, ахэри ягъэгуфІащ, ягъэгушхуащ, Ди хьэщІэхэр ди хэку лъапІэм кьикІащ, аращ ди хьэщІэхэр псом щІалейр. Дуней жэнэтщ ди хэкужьщ, ди лъэпкъыр Кьуэкъасырщ кьыщыхъуар щыпсэури. Ди хэкужьым и хьыбар куэд драгъэдалуэ зэпытащ ди адзэкъэм. Дэ дылъэпкъ мащІэщ, ар щхьэусыгъуэкъым щІэсыгъэ, Іуэхущ.Іэ щхьэгъусэ Дол Розэ. Хэкужьым хуаІэ лъагъуныгъэрщ ди щІалэгъуалэм гуащІэрэ гуащІэрэ хьэхъэщІэр, ди хьэщІэ махуэ Тхьэм фытхуищІ, псэуКІэ дахэ Тхьэм кьывит!

Дыгужь Алий и лъэпкъкІэ бжьэдыгъуэр, ди хьэщІэхэм кьыІэрыдэхьуэхьуар кьэбзэрдейкІэщ. Ар зГъэщІэгъуэти, къэпІыжьа нэужь, Дыгужь Алий сеупщІащ:

- Уи анэдэлъхубзэмкІэ щхьэ укъэмыпсэльаро, Алий? Уэ узэрыбжьэдыгъур сощІэ.

Жэуап къызитыжьи и пэ Алий зымащІэкІэ зишыІащ. Щхэу дыдэу кьызжиІащ итІанэ:

- Абы сыхуиттэкъым. Кьэбэрдейкіэщ мыбы узэрыщыпсэлъэн хуейр.

Ар сфІэгъэщІэгъуэн дыдэ хуэщ, тІэкІуи сыкъэІэнкунащ. Пэжыр жьыІэпэмэ, ящыхьэбэ кьызэхуэсахэм я нэхъыбапІэр кьэбэрдейт, псалъэ зыІпыльасхэми яІуриІъар кьэбэрдеибзэщ, сэ зыращ пщым кІахэ адыгэбзэкІэ кьэпсэльар.

Мушир ди цІэ къриІуэрэ даригъэщІыкуащ пэшым кьыщыдзэсхэм. ХьэщІэхэм чэзур кьыщытлъысым, ХьэфІыщ.Іэ Мухьэмэд микрофоным бгъэдыхьащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІэкІэ фІэхъус ярихащ, и республикэм теухуауэ псалъэ яжриІащ, ди къэдуакІэ зыуам щыгъуазэ и ищІащ. Мухьэмэд и ужькІэ чэзур сэ къэсыльысати, си гумрэ си псэмрэ кьыбгъэдэкІ псалъэ жысІащ. ЯжеСІащ ди ныбжьэгъуэхэр, ди хэку дахэм ис псоми я фІэхъус гуапэ кьаззэрыхуэсхар, Адыгейм и лІыщхьэ Джарым Асльэни сэлам кьазэзэрырихькъым, дунейм адыгэр тетым ар екъулІэнчъэгъэ зыужьынысгъэкІэ зэрахуэупсэр, хэкужьым ахэр зэи зэращымыгъупщэр.

Куэд кьэпсэльащ а пщыхьэщхьэм. Хэт кьэпсаужьми яхуэмыуХыр, ягу кьеуэт, хэкужьым зэпкъыгъэІэрт, дунейм зэрытекъухьарт, губа-щІэхами я пІалпсэ ягъуэтыжьыкІэ зэрыгугъэрщ. Апхуэдэ гугъэ зэрагъэрщ абыхэм гуащІэ кьыхъэщІыхьэр, я лъэр щІэзыгъэкІыр. «Ди хэкужьыр дэ дымыльагъужкми, ди щІэблэм ялъагъужкнкІэ догугъэ» - а псалъэхэращ я бзэгугэм темыкІыр.

Шыкъ Мухьэмэд-Хьид и пъэсэкъым итІанэ джагур зэкъэблащ. Ди нэр кьыпхуэчыгрэтэкьым адыгэ фащэ дахэр зэкІупс пщащэхэмрэ щауэхэмрэ я кьафэм. Я кьафэмкІэ кьыбжаІэ хуэдэт абыхэм: «Ди хэку димысыкьми, адыгагъи адыгэ фащи дгъэкІуэдакъым дэ, дыхуэсакъыщу а псор зэрытхъумэр, итІащІэкІи тхъумэнущ, пэІащІэ дызыщыщІыбрэпз тщыцыгъэзыпщафынрэ зэи къэхъунукъым». Ар уи фІэщ мэхъу, абыхэм уаХэплъэмэ. *(КъыкІэлъыкІуэнущ).*

● Армэ Іэпщэрыбанэ зауэ

ЛІыгъэм и дерсхэр

Советыдзэхэр Афганистаным къыІэрырашыхрэ мазаем и 15-м илъэс 26-рэ ирикъуащ. Абы ирихьэлІэу армэ Іэпщэрыбанэ зауэмкІэ республикэ зэхьэзэхэр «Налшык-спорт комплексым щекІуэкІащ. КъБР-м Спортымкіэ и министерствэм, Афганистаным и ветеранхэм я зэгухьэныгъэмрэ Армэ Іэпщэрыбанэ зауэмкІэ федерацэмрэ къызэрагъэпэщащ зэпеуэм ныбжьыщІэ, зи армэ дэкІыгъуэм нэмыса щІалэгъуалэ бэнакІэ 200 хэтащ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР кьыщыІэзІуахьэм кьрихьэлІащ КъБР-м и Парламентым спортымрэ туризмэмкІэ и комитетым и унафэщІ, алыдж-хурым бэнэкІэмкІэ Олимп чемпион **Кьардэн Мурат**, Афганистаным и ветеранхэм я республикэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ, ИСФЩІ-м щекІуэкІа зэпэщІэуэзэныгъэм я ветеранхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я зэзыгъэІу советым и Іэтащхьэ, КъБР-м и Парламентым и депутат **ТхьэгъэлІэдж Тимур**, КъБР-м спортымкІэ и министрым и кьуэдзэ **Хэжь Заур** сымэ. Зэхьэзэхуэм кьрихьэлІахэм я кьэлэныр щІыхь пылъу нэсу зыгъэзэщІа, кІэкІуэда ди лъахэгъуэм я фэеплъым пщІэ хуащІащ.

Спорт комплексым щызэхуэсахэм я гукъыдэжьр кьаІэтащ, спортсменхэр ягъэгушхуащ «Кавказ пшэплъэр» УФ-мрэ КъБР-мрэ щапхъэ зытрах сабий кьэфакІуэ ансамблым.

Зэпеуэ гуащІэхэм спортсмен (я хьэлъагъ елъытауэ ахэр 18-уэ гуэшат) нэхъ лъэщхэр ящІэ щыхъуащ. Техникэ нэхъыфІым папщІэ ягъэуба саугъэтыр ялыысащ Дал Астемыр (тренерыр Дзыгъэл Аслъэнщ), Альцагиров Анзор (тренерыр Шэджэс Заурбэчщ), Бейтыгъэн Залым (тренерыр Бейтыгъэн Русланщ) сымэ.

- Мы зэхьэзэхуэм щытекІуэхэмкІэ я ныбжь елъытауэ гупишу республикэм и командэ кьыхэхахэр яубэхынущ, Ахэр кьэралым бжьыпэр кьыщыхьынымкІэ зэпеуэхэм хэтынущ. Спортсменхэм зэфІэкІ лъагэ зэрабгъэдэлъыр кьаГъэлъэгъуащ, ауэ аракъым нэхъыщхьэр. «Афган» зэпеуэр егъэкІуэкІыным щІалэгъуалэр хэкупсэу кьэгъэтэджыным гулъытэ хэха хуэзыщІ ди федерацэм и лэжьыгъэм и унэтІынымгъэ пэрытхэм ящыщщ. Мыкъэнэшхуэ иІэщ ныбжьыщІэхэр зауэлІ-интернационалистхэм зэраІущІэм а зэпсэлъэныгъэхэм сэбэн зыпылъ дерсхэр кьызэрыхахьам, - жиІащ республикэм Армэ Іэпщэрыбанэ зауэмкІэ и федерацэм и унафэщІ Шэджэс Заурбэч.

ДЫГУЛЫБГЪУ Анзор.

● Бокс

Медаль 20 зыІэрагъэхьэ

Урысейм Іэщэкіэ Зэщіэуэзэда и Къаруэм пашэныгъэр къыщыхьыныжмкІэ 1999 - 2000, 2001 - 2002 гъэхэм къалъхуа боксер ныбжьыщІэхэр боксымкІэ дуней псом и абсолютнэ чемпионкэ Рогозинэ Наталье и саугъэтхэм щыщІэбэна зэхьэзэхуэ Налшык щекІуэкІащ. Абы кьрихьэлІат Урысейм и щІыналъэ 27-м я спортсмен 284-рэ. А зэпеуэм ди боксеркэм медаль 20 щызыІэрагъэхьащ.

НАЛШЫК кьалэ и Универсальнэ спорт комплексым щекІуэкІа зэпеуэм республикэм и щІыхьэр щызыхьурма ди боксеркэм дыщэ медалу 7, дыжьыну 3, жэзу 10 кьыщащащ. Я ныбжьэр хьэлъагъэ елъытауэ зэхьэзэхуэм бжьыпэр щагъубыдащ Дау Ильяс, Зукаев Алий, Абаэз Тамерлан, Кьуныжь Асхэр, Кьурмэн Алихэн, Бабаев Башир, Щоджэн Нурмухьэмэд сымэ.

«ТекІуэныгъэм зэрыхуэпабгъэм папщІэ» саугъэтыр кьихьащ Джаппуев Расул (КъБР). «Техникэ нэхъыфІым папщІэ» саугъэтыр Щэшэн Республикэм и боксер Маруев Мусэ хуэгъэфэщащ. Свердловск областым и лІыкІуэ Гаманзанов Дмитрий «Турнирым и боксер нэхъыфІ» саугъэтыр лысащ.

УЭРДОКЪУЭ Азэмэт.

● Гу зылъытапхъэ

2015 гъэм и Адыгэпсо махуэгъэпсыр

Фигу кьыдоГъжЕ!ыж: 2015 гъэм и Адыгэпсо махуэгъэпсІэнгъуаэзэр Налшык кьалэ дэт «Адыгэ унэ» тыкуэн-музейм, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм и тыкуэнм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм (тел. 425619) кьызэрыщыІвгъуэтынур. Тиражыр мащІэщ, зыхэмыгъэжІыж.

Адыгэпсо махуэгъэпс-щІэнгъуэзэр илъэсым и мазаем и бжьыгъэм урикІэльыплъым и мызакъуэу, лъэпкъым ехьэлІа хабзэхэр, нэщэнэхэр, псалъэ щэрыуэхэр, чэнджэщІэхэр, псалъэжьхэр щызэхуэхьэсащ. Апхуэдэуи уи кьэухым зезыгъэужь, щІэныгъэм хэзыгъаХъуэ хъыбар гъэщІэгъэнэ куэд итщ гъуазджэм, литературэм, медицинэм, экономикэм, географием, щэнхабзэм, спортым екъэлІауэ. Абы ихуащ КъБР-м, КъШР-м, Адыгеим, Шапсыгъым, Москва, хамэ къэралхэм щыщ, ІэнатІэ зэмылІэужьыгъуэхэм екъуалІэныгъэфІхэр щызыІэрызыгъэхьа ди къуэшхэр, щыщынэмыщІауэ щэрджэс мамлокхэм кьахэкІа сулътІанхэм, Уэсмэн пащтыхьыгъуэм къэрал кьулыкъу щызезыхьа адыгэхэм, нобэрей КъуэжІыпІэ Гъунэгъум, Тыркум, Европэм, Америкэм, Австралием зи зэфІэкІкІэ кьыщалъхьэта ди лъэпкъэгъуэхэм я хъыбархэр.

Ди газетым и кьыкІэлъыкІуэ номерыр кьыщыдэкІынур мазаем и 28-рщ.

Іэнэм бгъэдэсхэр: **Хьэфыщ.Іэ Мухьэмэд, ПащІэ Ленэ, Мурат Чэпай, Дыгужь Алий, Льостэн Ахьмэд.**
США, Калифорние. Анахайм кьалэм дэт «Мерриот» рестораным. 1989 гъэ

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЩІЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩІАПІЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленным и цІэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ, КъБР, Налшык къ., Ленным и уэрам, 33.

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъэуэм и 14-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэныжмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ.ІапІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.
Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 4.248
Заказ №317